



Pou Piblikasyon Imedya: 30/12/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE GRAN OUVÈTI SAL TREN MOYNIHAN LAN NAN VIL NEW YORK

Pwojè 1.6 milya dola te transfòme Batiman Biwo Lapòs James A. Farley istorik la an yon Sal Tren klas mondyal ki evalye a 255,000 pye kare

Sant Transpò piblik modèn nan reprezante mizajou nan transpò ak enfrastrikti ki pi anbisye nan New York depi plizyè deseni

Patenarya inovan ki dirije pa Eta te konplete pwojè a alè ak nan bidjè a malgre defi ki gen rapò ak COVID yo

Pòtay Ekstremite Lès nan Penn Station lan ap ouvri nan Lavèy Nouvèl Ane a—yon nouvo antre anblematik nan Sal LIRR la nan 33rd Street ak nan 7th Avenue

Foto yo disponib [isit la](#)

Imaj san montaj disponib [isit la](#) ak [isit la](#)

Jodi a Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse gran ouvèti Sal Tren Moynihan (Moynihan Train Hall) lan, yon sal tren ki evalye a 255,000 pye kare ki fèt pou 21èm syèk la nan kè Midtown Manhattan. Pwojè 1.6 milya dola a te transfòme Batiman James A. Farley a ki gen plis pase 100 ane an yon sant transpò klas mondyal k ap ogmante sal estasyon konplèks ray Penn Station ki egziste deja a, a 50 pousan. Gouvènè a te anonse tou Pòtay Ekstremite Lès (East End Gateway) rive nan Penn Station nan 33rd Street ak 7th Avenue ouvri nan Lavèy Nouvèl Ane a. Sal la pote non ansyen senatè Ameriken Daniel Patrick Moynihan.

"Finisman nouvo sal tren sipèb sa a ta dwe yon akonplisman espesyal nan nenpòt ki lè, men li se yon akonplisman ekstraòdinè jodi a paske nou nan yon espas kote pa gen moun ki te janm anvizaje ke yo t ap la. Sa a te yon ane ki twomatizan, alafwa endividyèlman ak kolektivman, epi kesyon nou ap fè fas ak li a se, ki jan pou nou reyaji"? **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Senatè Daniel Patrick Moynihan se te yon nonm ki gen vrè vizyon. Li te wè potansyèl nan yon biwo lapòs ki pa te itilize ase e li te konnen ke si li fèt kòrèkteman, etablisman sa a pa ta ka sèlman bay New York sant transpò piblik li te merite depi lontan, men sèvi kòm yon moniman pou piblik la li menm. Nou bati sa a kòm yon deklarasyon sa nou ye, ak moun nou aspire vin ye. Èske li grand? Wi. Èske li odasye? Wi, paske se lespri New York e se deklarasyon nou vle fè pou vizitè

nou yo, pitit nou yo ak jenerasyon k ap vini yo. Kèlkeswa jan 2020 parèt nwa, nouvo sal sa a pral pote limyè a, nan sans literal ak nan sans figure, pou tout moun ki vizite gwo vil sa a".

"Pwojè enpòtan sa a te transfòme yon batiman ki la depi syèk an yon pòtay modèn ki elaji Penn Station epi amelyore eksperyans vwayajè yo yon fason siyifikatif", **Gouvènè Adjwen Kathy Hochul te deklare.** "Sal Tren Moynihan lan kanpe tankou yon fa nan pwogrè memwa defen Senatè Daniel Patrick Moynihan, ke mwen te fyè pou travay pou li epi ki te ede gide peyi nou an anavan. Devlopman klas mondayl sa a se yon temwayaj nan angajman nou pou rebati pi byen, amelyore enfrastrikti nou yo ak ranfòse ekonomi nou an kounye a ak alavni apre pandemi an".

Konsepsyon sansasyonèl sal tren an se yon melanj inik klasik ak kontanporen, epi li gen karakteristik yon atriòm (chanm) likàn ki mezire yon demi-ekta, yon revèy siyati, teknoloji dènnye kri, oryantasyon klè, aksibilite konplè, ak atizay piblik ki gen kalib mize. Li founi tou avantaj imedyà nan moman enpòtan sa a pandan l ap pwofondman amelyore konfòmite, sante, ak eksperyans chak jou pou dè santèn milye pasaje, vwazen, ak vizitè yo. Pwojè te parèt pou premye fwa depi dè deseni kòm prensipal estrateji pou adrese anpil nan pwoblèm Penn Station ki pi repite epi li te simonte anpil obstak ak fòmalitye administratif gras ak lidèchip pèsistan ak lidèchip san fay Gouvènè Cuomo.

Dirije pa Empire State Development (ESD), pwojè 1.6 milya dola a te akonpli atravè yon patenarya piblik-prive inovan ant ESD, Vornado Realty Trust, The Related Companies, Skanska, MTA (Metropolitan Transportation Authority), Wout Ray Long Island (Long Island Rail Road, LIRR), Amtrak, ak Otorite Pòtyè New York ak New Jersey (Port Authority of New York and New Jersey). Li itilize yon apwòch konsepsyon-konstriksyon pou rasyonnalize konstriksyon ak akselere achèvmman. Konstriksyon Sal Tren Moynihan lan te jenere yon enpak ekonomik ki estime a 5 milya dola, sa ki sipòte plis pase 5,000 anplwa konstriksyon ak 11,000 anplwa endirèk. Anplis de sa, ekip jesyon pwojè prensipal la te gen plis pase 42 pousan fanm.

Sal Tren Moynihan lan bay eksperyans vwayaj nan etablisman transpò pasaje ki pi frekante a yon lòt vizaj nan Emisfè Lwès la, ki itilize pa plis pase 700,000 pasaje chak jou - sa ki plis pase Ayewopò LaGuardia, John F. Kennedy ak Ayewopò Entènasyonal Newark la ansanm. Sal prensipal la ki yon fwa te sèvi kòm sal triyaj lapòs Biwo a raple sal an vout Penn Station orijinal la, ki prezante yon likàn ki mezire 92 pye wotè ki kenbe yon demi-ekta an vè. Sipòte pa twa nan sipò an asye orijinal batiman an ak yon kad tryi konplèks, nouvo likàn nan antoure planche sal tren an, sa ki benyen pasaje yo ak limyè natirèl.

Tout tren LIRR ak Amtrak yo kounye a sèvi pa 17 tren ki aksesib nan sal tren an, pandan y ap bay yon koneksyon dirèk nan Tren 9th Avenue ak 8th Avenue an. Pou LIRR, sal tren an amelyore ak agrandi opsyon pasaje yo lè li ofri enstalasyon klas mondyal ak konfòmite nan sèvis kliyantèl konplè ak pwen aksè dirèk ak platfòm nan soti nan 7th Avenue rive jouk nan 9th Avenue. Pou Amtrak, sal tren an vin nouvo kay li nan

Vil New York—relokalize ak ranplase tout operasyon pasaje prensipal yo nan estasyon ki egziste deja a.

An patenarya avèk Fon Atizay Piblik (Public Art Fund), Sal Tren Moynihan lan prezante yon pwogram enstalasyon atizay pèmanan anbisye ki soti nan twa atis k ap mennnen nan mond lan— Stan Douglas, Kehinde Wiley, ak dyo atistik Elmgreen & Dragset. Travay atistik istorik yo kreye yo se anblèm dinamis ak transfòmasyon ki tipik nan New York ak nan nouvo pòtay transpò sa a. Enstalasyon nan plafon ki fèt pa Wiley ak Elmgreen & Dragset defini de antre prensipal nan sal tren an, pandan ke seri foto Douglas la parèt nan kat seksyon ki mezire 22 pye longè sou miray la ki mennnen nan zòn datant adjasan pasaje yo rive nan sal anbakman prensipal la. Yon temwayaj nan kreyativite, divèsite ak eritaj vil la, twa komisyon monimantal yo anbrase karaktè sivik Sal Tren Moynihan lan epi yo ofri yon nouvel pèspektiv sou istwa a ak esplandè Penn Station ak Biwo Lapòs Farley orijinal la.

Sispani nan pout santral ki anwo etaj la, gen yon revèy sis pye pa 12 pye ki fèt pa Pennoyer Architects ki sisite nostalji pou laj dò vwayaj tren an. Yo te itilizelis pase 80,000 pye kare mab pou planche ak mi sal tren prensipal la yo, ki soti nan menm min Tennessee ki te founi mab pou Grand Central Terminal la plis pase 100 ane de sa.

Senatè Etazini Charles Schumer te deklare, "Aprè dè deseni nan travay, jodi a nou ap debouche Nouvel Ane a byen bonè pou selebre ouvèti sipèb Sal Tren Moynihan lan - yon gran pòtay, transpò piblik ki gen yon likàn epi ki modèn pou pasaje LIRR ak Amtrak yo ki pral plis avanse pase Penn Station pase a. Senatè Daniel Patrick Moynihan te deklare premyèman nesese pou New York panse gwo e bati yon gwo konplèks transpò isit la ki ta retabli glwa achitektirèl nan sit la menm jan li ap etabli enfrastrikti transpò en komen ki nesese pou dinamize kwasans ak pre-eminans New York pou yon lòt syèk. Senatè Moynihan rekonèt sa a kòm yon opòtinite inik pou korije alafwa yon erè istorik - demolisyon trajik la, mwatye yon syèk pase, nan Estasyon Pennsylvania McKim, Mead ak White orijinal la- ak pou kreye yon bèl espas piblik tounèf ki fasil pou itilize ke Nouyòkè ak tout Ameriken yo ka jwi yon lòt fwa ankò epi fyè de li. Gran zanmi mwen Pat te yon defansè san fatig pou vizyon enspire sa a. Apre sa, li te pase mayèt la ban mwen, epi mwen fyè epi mwen kontan paske mwen te delivre anpil milyon dola nan sipò vital pou New York ak Amtrak pou avanse pwojè a. Gouvènè Cuomo, ak patnè yo nan Amtrak, Vornado, Skanska, Related, te fè yon travay sipèb nan delivre pwojè sa a pandan yo fè fas ak defi masiv Covid yo - epi se LIRR, Amtrak, ak evantyèlman pasaje Metro North, ansanm ak tout moun nan New York, ki pral rekòlte avantaj sant wout ray 21èm syèk sa a".

Manm Kongrè Jerrold Nadler te deklare, "Estasyon Moynihan lan se yon ogmantasyon enpòtan nan enfrastrikti ak inisyativ louwab vil nou an ki ede prezève eritaj la defen Senatè Moynihan, ki se moun ki te premye defann pwojè sa a. Depi lontan mwen te sipòte finansman pou pwojè sa a nan Washington, li pwodui amelyorasyon enfrastrikti ak devlopman ekonomik ke New York bezwen sitou pandan nap rekiperè pandan moman ekonomik difisil sa yo. Li pral jenere dè milye bon anplwa,

epi elaji kapasite nou pou pasaje yo epi fè New York - e, sitou, Bò Lwès la- vin pi aksesib pou pasaje ak vizitè yo".

Manm Kongrè Carolyn B. Maloney te deklare, "Depi lontan mwen te yon defansè pou inisyativ transpò modènize pou pwopilse Vil New York nan lavni, epi Sall Moynihan se egzateman sa. Avèk pwojè tankou sa a, Metro Second Avenue an ak Aksè Zòn Lès (East Side Access) la, vil nou an ap fè investisman entelijan nan avni nou epi I ap vin yon sant transpò modèn. Mwen pa ka tann pou mwen travay ansanm ak Gouvènè Cuomo pou konplete pwojè sa yo".

Komisè Pwovizwa, Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral yo nonmen pou Empire State Development lan, Eric Gertler te deklare, "Gras ak lidèchip ak vizyon Gouvènè Cuomo, Sal Tren Moynihan la se enkanasyon sa ki ka reyalize lè sektè piblik ak prive a travay ansanm an patenarya. Yon jenerasyon k ap fè, Moynihan pa pral sèlman amelyore sèvis transpò pou vwayajè ak pasaje sou tout Kòt Lès la, men tou, li pral yon katalizè solid pou devlopman ekonomik Eta New York pandan desemi kap vini yo".

Tony Coscia, ki se Prezidan Komite Amtrak la, te deklare, "Sal Tren Moynihan Amtrak la pral delivre eksperyans vwayaj tren klas mondayl ke kliyan nou yo merite lè yo ap vwayaje pou ale ak soti nan vil enkwayab sa a. Bèl panorama yo, konsepsyon modèn, nouvo ekipman ak karakteristik aksesibilite amelyore moutre kalite amelyorasyon ke yp ap antreprann nan Amtrak atravè rezo nou an. Amtrak te reve plan sa a 35 ane de sa e nou remèsye pwofondman Gouvènè a, Senatè Schumer ak delegasyon Kongrè New York la, ak tout patnè nou yo ki ede fè li tounen yon reyalyte".

Prezidan Egzekitif Jeneral Amtrak la, Bill Flynn, te deklare, "Sal Tren Moynihan lan reprezante angajman Amtrak pou ofri pi bon eksperyans vwayaj posib. Ant konfò ak sekirite pasaje amelyore yo, nouvo ekipman yo ak karakteristik aksesibilite amelyore, sa a se kalite estasyon tren ke defen Senatè Moynihan te toujou anvizaje pou vwayajè Vil New York yo".

Prezidan ak Direktè Ekzekitif Jeneral MTA Pat Foye te deklare, "Finisman Sal Tren Moynihan lan make yon nouvo chapit pou Penn Station kòm nou kòmanse 2021 epi yo pral inogirasyon an nouvo kwasans ak investisman nan kad Konplèks Empire Station lan. Aprè dè deseni ak pwomès ki echwe e nan mitan pandemi COVID-19 ki ankou a, se Gouvènè Cuomo ki fè li ak delivre li pou Nouyòkè yo. Gran ouvèti nouvo Pötay Ekstremite Lès la pral sèvi tou kòm yon antre anblematik nan Penn Station pandan I ap agrandi kapasite pou lavni ak amelyore eksperyans kliyan yo an jeneral".

Prezidan Devlopman ak Kontriksyon MTA a, Janno Lieber, te deklare, "Sal Tren Moynihan lan founi kliyan Wout Ray Long Island yo pi bon aksè ak tribin ak ekipman ki dramatikman amelyore. Li mete aksan sou nesosite tou pou transfòme Penn Station ki deja egziste a, epi travay sa deja kòmanse. Semèn sa a nou pral louvri yon antre klas mondyal nan konplèks la nan 33rd Street ak nan Seventh Avenue, epi gen travay ki ap fèt pou double lajè koridò LIRR 33rd Street la, ki se yon kolòn vètebral kle pou kliyan

LIRR, NJ TRANSIT ak kliyan metwo yo. Avèk lidèchip Gouvènè Cuomo, nou ka delivre sant transpò 21èm syèk Nouyòkè yo merite".

Prezidan Chemen Fè Long Island MTA, Phil Eng, te deklare, "Kliyan LIRR yo depi lontan t ap tann yon sant santral ki pa sèlman satisfè bezwen vwayaj yo, men ki ale odela pou delivre yon eksperyans klas mondyal — e mwen fyè ke jou sa a finalman rive. Anpil remèsiman pou tout anplwaye LIRR ak Empire State Development yo ki te ede fè efò masiv sa a vin yon siksè, ak pou Gouvènè Cuomo pou lidèchip ak vizyon li pandan n ap delivre yon lòt gwo amelyorasyon enfrastrikti pou kliyan nou yo ke yo merite".

Rick Cotton, ki se Direktè Egzekitif Port Authority New York ak New Jersey a, te deklare, "Avèk konvèsyon mayifik achitektiral Biwo Lapòs Farley istorik la an yon estasyon tren 21èm syèk, Sal Tren Moynihan lan ap vin yon anblèm New York ak yon destinasyon pou kont li. Aprè plizyè deseni efò ki pa te pote fwi, se yon ofisyèl piblik avèk volonte ak vizyon Gouvènè Cuomo ki reyini ansanm twa ajans federal, de ajans nan nivo vil la, twa ajans transpò majè, ak de nan presnival devlopè New York yo epi fè pwojè a avanse nan direksyon yon konklizyon ekstraòdinè konsa ki pote siksè".

San yo pa bliye sante, sekirite ak aksibilite vwayajè yo, pwojè a ogmante dramatikman espas ak kapasite aksè vitrin nan, ak amelyore sanitasyon ak fliks lè pou sipòte yon anviwònman ki pi an sante. Amelyorasyon sa yo diminye konjesyon ak fasilite anbakasyon, sa ki pèmèt distans sosyal ki apwopriye ak fasilite vwayaj ki san danje epi an sante. Tout vitrin ki sèvi yo gen aksè ak asansè, ki elaji kapasite asansè total estasyon an a plis pase 50 pousan ak sipòte vwayajè ki gen bezwen aksibilite yo. Anplis de sa, re-konsepsyon Sal LIRR la prèske triple lajè ansyen koridò a, sa ki diminye konjesyon yon fason siyifikatif ak plafon ki pi wo ak ekleraj amelyore yon fason remakab.

Sal Tren Moynihan entegre yon oryantasyon ak mesajri klè, ki konsistan, epi ki modèn, ki gen ladan plizyè douzèn ekran LED ak LCD ki gen yon rezolisyon elve nan tout etablisman an ki bay enfòmasyon sou transpò piblik la chak minit. Eksperyans vwayajè ki aktyalize yo genyen tou yon espas ki fèt pou sèvis kliyan pou alafwa ray tren yo, yon rezo piblik Wi-Fi gratiski itilize pwochen jenerasyon Wi-Fi 6, ak yon salon ki dedye pou manman k ap bay tete yo.

Batiman Farley a se te youn nan premye batiman ki te make anba lwa prezèvasyon ki te etabli apre destriksyon estrikti sè li a, ki se Penn Station orijinal la. Fasad an wòch 200,000 pye kare, 700 fenèt yo, twati an kwiv pout an asye Batiman Farley konte pami anpil detay inik ke yo konplètman retabli yo. Nouvo karakteristik eksteryè yo gen ladan amelyorasyon lari ak twotwa, restorasyon 'fose sèk' yo ak amelyorasyon sekirite yo. Sal Tren Moynihan ap pouswiv sètifika LEED Ajan pou konsepsyon ak konstriksyon dirab li yo.

Nouvo Pòtay Ekstremite Lès la double antre ak sòti ant nivo lari a ak Sal LIRR Penn Station ki deja egziste yon fason efikas e li gen ladan twa nouvo eskalye mekanik

modèn ak yon eskalye. Eskalye mekanik yo ekipe ak karakteristik entelijan tankou aparèy chofaj pou asire operasyon pandan tan frèt ak yon "mòd vèy" ki pral ekonomize enèji ak ogmante lonjevite yo. Nouvo antre a bay aksè dirèk epi fasil ak Sal LIRR la ansanm ak liy metwo 1/2/3 ak A/C/E Vil New York la yo.

Nan kad inisyativ Gouvènè a nan Penn Station ki egziste deja a, gen konstriksyon ki ap fèt pou triple lajè koridò LIRR aktyèl la, diminye konjesyon an davantaj pandan l ap ajoute plafon ki pi wo, pi bon vantilasyon ak ekipman premye ran pou pasaje yo pou amelyore sante, komodite ak konfò.

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Skanska USA a Richard Kennedy te deklare, "Ouvèti nouvo Sal Tren Moynihan lan bay istwa rich ak inik New York la lavi ankò, li transfòme an yon sant transpò klas mondyal nan kè Midtown Manhattan. Sa pral bay rezidan yo, vwayajè yo ak vizitè yo yon eksperyans ki pi bon yon fason sinifikatif. Uit ane nan devlopman, epi nan mitan yon pandemi mondyal, nou remèsye patnè nou yo ak dè santèn anplwaye ak soutretan devwe ki te delivre pwojè sa a alè ak nan bidjè a—sa ki bay enfrastruktir transpò enpòtab New York la yon lòt vizaj".

Garry E. Nunes, Vis Prezidan ak Direktè Prensipal nan Nòdès WSP USA, te deklare, "Se yon onè pou WSP pou li sèvi ESD kòm Jesyonè Pwogram pou pwojè anblematik Farley Penn Station/Sal Tren Moynihan lan. nouvo Sal Tren mayifik sa a ki sitiye nan Biwo Lapòs James A. Farley istorik la se te deja yon rèv ke yo te anvizaje pandan plis pase 20 ane. Men, se te lidèchip ak tenasite Gouvènè nou an Andrew Cuomo ki fè jou sa a vin yon reyalyte. Sal Tren Moynihan lan pare pou akeyi vwayajè ray nan Vil New York nan fason pi gwo vil sou planèt la ta dwe akeyi yo. Felisitasyon a tout moun."

Steven Roth, ki se Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral, Vornado Realty Trust, te deklare, "Vornado kontan pou li rejwenn Gouvènè a ak Eta New York nan pou acheve pwojè sivik ki pote transfòmasyon sa a. Sal tren Moynihan la pa pral sèlman yon gwo ogmantasyon nan konplèks Penn Station ki deja egziste a, men tou li pral pòtay bò lwès k ap fleri nan Manhattan lan ak yon katalizè pou devlopman alavni. Avèk yon òf magazen ki vann an detay ak restoran klas mondyal ki sitiye nan yon batiman istorik sansasyonèl, re-imagjine, li pral destinasyon ke Nouyòkè yo ak vizitè yo nan gwo vil nou an merite. Nou remèsye tout moun ki te kontribye nan efò monimantal sa a pou travay ekstraòdinè yo, sitou dè milye travayè konstriksyon yo, pandan moman difisil sa a".

Nicholas Baume, Direktè ak Konsèvatè Egezekitif Public Art Fund, te deklare, "Nan reflechi sou tèm pase, prezan, ak alavni yo, twa nouvo zèv atistik ekstraòdinè ki fèt espesyalman pou lokal la pa Stan Douglas, Elmgreen & Dragset, ak Kehinde Wiley akeyi vizitè yo nan nouvo Sal Tren Moynihan lan. Nan yon vil mondyal ki sinonim atizay ak kilti li apwopriye ke travay sa yo--ki eblouyi pa bote, limanite, lanbisyon, ak metriz teknik pa yo--kaptire lespri nouvo sant transpò piblik remakab sa a. Nan sèvi ak teknoloji dijital ki pi avanse jodi a, seri fotografik epik Stan Douglas re-kreye Penn Station orijinal la ak bay lavi ak nèf moman istorik nan detay etranj. Elmgreen & Dragset te reve vin yon peyizaj iben imajinè ki desann soti nan plafon an ak reyone dinamik ak

enèji yon mega-vil kontanporen. Vit tente ilimite epi ki pentire a men pa Kehinde Wiley a re-envante frèsko (penti) plafon klasik la. Sèn selès li yo plen ak jenn, Nouyòkè Nwa ki poste an pòz ke yo pran nan breakdance, imagine nan nouvo espas sivik sa a yon fòm ekspresyon ki chaje enèji ki te pran nesans nan lari yo nan vil nou an. Kaptivan ak pwisan, chak travay enspire pa eritaj rich New York la, moun divèsifye ak talantye li yo, ak kreyativite enkontwolab li a".

Roger Duffy, Patnè Retrete Skidmore, Owings & Merrill Design, te deklare, "Youn nan bagay ki pi remakab sou pwojè sa a se fason ke li transfòme yon batiman ke yo pa te itilize ase epi ke yo pa te apresye ase an yon nouvo, pòt antre akeyan pou vil sa a. Nou te konsewa yon plas ki evoke majeste Penn Station orijinal la, tout pandan l ap sèvi kòm yon solisyon pratik pou pwoblèm ke vwayajè k ap vini, ale ak sa yo ki soti New York te andire depi twò lontan. Lè nou konekte ak pase achitektiral nou yo gras ak re-adaptasyon batiman Biwo Laps Farley a, n ap respire yon nouvo lavi nan New York, epi re-kreye yon eksperyans ke pèsonn pa te genyen isit la pandan kèk deseni".

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)